

DAT: 16 Jen 2022
POU: Manm Komite Lekòl Boston
Ekspedite: Doktè Caren S. Walker Gregory, Chèf lekòl Akademi Kennedy
RE: Demann pou renouvèlman Lisans Kennedy Academy Charter

Kòm ou konnen Akademi Kennedy se yon Lekòl nan Horace Mann Charter, Akredite nan Konsèy Edikasyon Elemantè ak Segondè pou yon manda senkan. Okòmansman, li te apwouve kòm yon lekòl pilòt nan ane 1995, epi li te apwouve nan Massachusetts an 1998, yo te renouvle lisans nou an kat fwa san kondisyon. Kounye a nou rive nan fen katyèm ane kote lisans ap ekspire nan mwa jen 2023. Nan kad pwosesis responsablite lekòl charter a, n ap chèche renouvle lisans nou an pou pèmèt nou kontinye fonksyone apati jiyè 2023 jiska jen 2028.

Pwosesis renouvèlman an mande pou nou reflechi sou pwogrè nou genyen sou peryòd lisans aktyèl la epi etabli plan pou lavni. Akademi Kennedy se yon òganizasyon solid e kredib ki okipe yon plas enpòtan nan sektè lekòl segondè Boston. Nou toujou pami lekòl segondè ki gen plis pèfòmans, jis dèyè etablisman egzamen yo, an tèm siksè MCAS, pousantaj gradyasyon ak abandon, finisman MassCore ak evalyasyon responsablite eta a. Doub misyon nou pou preparasyon nan etid siperyè ak preparasyon pou domèn medikal te byen sèvi etidyan Boston yo depi nan kreyasyon nou. Nou te premye lekòl charter nan Massachusetts ki te deziyen kòm yon pwogram edikasyon pwofesyonèl nan chapit 74 Domèn Asistans Sanità, epi kounye a n ap travay pou sipòte elèv nou yo nan pouswit Asistan Enfimye Sètifye ak kalifikasyon EMT. Nou gen yon ekip ekstraòdinè ki konpetan e angaje ak yon long lis datant famiyal ki vle enskri pitit yo nan EMK. Nou fyè pou kolaborasyon solid nou ak BPS e BTU pandan plizyè ane epi nou espere kolabore alavni pou n pi byen sèvi elèv vil la.

Paske nou se yon Lekòl nan Horace Mann Charter demann renouvèlman lisans nou an egzije alafwa yon sipò nan Sendika Pwofesè yo nan Boston ak yon vòt afimatif nan Komite Lekòl Boston nan. W ap Jwenn yon dokiman ki anekse nan pwojè yo pou w revize. Nou espere diskite sou aplikasyon renouvèlman nou an avèk ou nan reyinyon komite lekòl la Mèkredi kap 21 jen 2022.

Mwen disponib pou diskite sou dokiman sa yo anvan reyinyon an si sa ta nesèsè. Ou ka kontakte mwen nan (617) 635-8450 oswa voye yon imèl nan cswalker@bostonpublicschools.org.